Department of Education
Carmen Fariña, Chancellor

<P/G NAME>
PARAN / RESPONSAB <STUDENT NAME>
<STREET ADDRESS INCLUDING APT #>
<CITY, STATE ZIP>

Avril 2015

Chè Paran/Gadyen legal,

Nou remèsye w pou aplikasyon ou fèk fè pou kindergarten lan. Nan aplikasyon w lan, ou te fè konnen ke pitit ou a gen bezwen aksè espesyal – sa vle di ke pitit ou a gen pwoblèm pou l deplase kidonk li bezwen yon bilding ki gen yon plan espesifik.

Nan semèn k ap vini la a, n ap voye yon lèt ba ou avèk yon òf admisyon dapre aplikasyon kindergarten ou an. Konprann ke premye desizyon admisyon nou fè a p ap pran an konsiderasyon bezwen timoun lan pou li nan yon lokal ki gen aksè pou chèz woulant, donk pitit ou a ka resevwa yon òf nan yon lekòl ki pa gen aksè sa a.

Si w panse ke pitit ou a gen pwoblèm pou l deplase epi li bezwen yon lokal ki gen aksè pou chèz woulant, donk ou sipoze kòmanse youn nan de pwosesis pi ba a (men pa tou de):

- Pwosesis evalyasyon pou yon pwogram edikasyon endividyèl *Individualized Education Program* (IEP)
  Si w panse ke pitit ou a kapab bezwen sèvis edikasyon espesyal apa lokal ki gen aksè pou chèz woulant lan, donk ou sipoze soumèt yon premye rekòmandasyon pou evalyasyon. W ap jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis sa a nan paj 2.

- Pwosesis evalyasyon pou yon Plan akomodasyon 504
  Si w panse ke pitit ou a pa bezwen sèvis edikasyon espesyal men li bezwen lokal ki gen aksè pou chèz woulant lan sèlman, donk ou sipoze soumèt pake demand pou akomodasyon an. W ap jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis sa a nan paj 3.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte nou:

Pwosesis Tranzisyon pou kindergarten:	Turning5@schools.nyc.gov 718-935-2007
Pwosesis akomodasyon 504:	section504inquiries@schools.nyc.gov 718-391-8116
Pwosesis Admisyon nan Kindergarten:	ES_Enrollment@schools.nyc.gov 718-935-2009

Avèk senserite,

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk
Elèv Edikasyon Espesyal
Biwo Sante Lekòl
Biwo Enskripsyon Elèv

Pwosesis pwogram edikasyon endividyèl *Individualized Education Program* (IEP)

Yon pwogram ansèyman endividyèl *Individualized Education Program* (IEP) dokimante elijiblite yon timoun pou sèvis edikasyon espesyal ak plan Depatman edikasyon pou l founi timoun lan sèvis li bezwen. Se pwofesè ak terapis ki bay sèvis edikasyon espesyal, epi sèvis yo la pou ede timoun travay byen sou plan edikasyon; yon timoun elijib pou sèvis edikasyon espesyal si li gen yon andikap ki afekte abilite li pou li aprann yon fason konsiderab.

Si w panse pitit ou a kapab gen yon andikap epi li bezwen sèvis edikasyon espesyal nan kindergarten , ou kapab mande yon evalyasyon pou edikasyon espesyal lè ou voye yon lèt bay prezidan Komite sou edikasyon espesyal la Committee on Special Education (CSE) pou distri kote ou abite a. Pou konnen nan ki distri ou rete, chèche zòn sektè lekòl ou a lè w antre adrès ou nant www.nyc.gov/schools/schoolsearch or call 311. Enfòmasyon pou kontakte CSE yo disponib sou sitwèb nou an nan http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/ContactsResources/cseoswa rele 718-935-2007.

Evalyasyon oswa reevalyasyon pitit ou a ap gen yon reyinyon IEP ladan. Y ap envite w pou patisipe nan reyinyon an kòm yon manm CSE pitit ou a. Nan reyinyon an, CSE a ap detèmine si wi oswa non pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal nan kindergarten, epi si li elijib, y ap devlope yon IEP pou timoun ki gen laj lekòl. Nan reyinyon an, CSE ap wè tou si wi oswa non pitit ou a bezwen lekòl ki gen aksè pou chèz woulant, epi si li bezwen sa, y ap mete sa nan IEP a.

Pou bay enfòmasyon sou bezwen pitit ou genyen pou yon lekòl ki gen aksè pou chèz woulant (ak lòt bezwen ki gen rapò avèk yon kondisyon medikal oswa yon pwoblèm òtopedik), ou sipoze remèt CSE a fòm sa yo avan reyinyon IEP a:

- **Authorization for Release of Health Information Pursuant to HIPAA**, ke w ap ranpli ak siyen, pou pèmèt DOE mande doktè pitit ou a enfòmasyon medikal
- **Request for Medical Accommodations to be Completed by Treating Physician**, ke doktè pitit ou a ap ranpli ak siyen

Tou de fòm yo, ak lòt enfòmasyon sou tranzisyon nan edikasyon espesyal kindergarten, disponib sou sitwèb DOE a nan http://schools.nyc.gov/KindergartenSpecialEducation.

Pwosesis Plan Akomodasyon Sesksyon 504 la

Kisa yon Plan Akomodasyon 504 ye?
Seksyon 504 Lwa 1973 sou reyabilitasyon pwoteje elèv ki gen andikap lè li egzije lekòl leta pou bay elèv elijib akomodasyon apwopriye ak rezonab, pou yo ka patisipe lekòl kòmsadwa. Plan sa a souliye kòman DOE pral founi akomodasyon, sa ki ka gen ladan yon lokal ki gen aksè pou chèz woulant.

Kiyès ki elijib?
Elèv ki gen pwoblèm fizik ak oswa mantal ki limite yo nan youn oswa plis aktivite esansyèl pou yo viv, men ki pa elijib pou sèvis edikasyon espesyal, kapab kalifye pou Plan akomodasyon 504.

Ki pwosesis la?
Ranpli fòm **Request for Accommodations under Section 504** ki vini avèk lèt sa a (avèk seksyon pou oumenm ranpli, ak seksyon pou doktè timoun lan ranpli) ak/oswa fòm sante/medikal ki apwopriye a. Voye yo bay lekòl kote yo te ofri w plas la an Avril atravè pwosesis admisyon nan kindergarten lan. Si, apre yo fin analize fòm lan, yo wè ke pitit ou a gen nesesite yon lokal ki gen aksè pou chèz woulant, epi lekòl kote yo ofri w plas la pa reponn avèk bezwen pitit ou a, donk y ap voye l nan yon lòt lekòl.

Resous
W ap jwenn plis enfòmasyon sou Akomodasyon nan **504 FAQ** sou sitwèb DOE a nan http://schools.nyc.gov/Offices/Health/SchoolHealthForms. OU ka kontakte nou tou si w rele 311.